



Solisyon an

Solisyon an se pou w vin pwòp paran ki gen lanmou pou tèt ou. Lè ACA vin yon kote ki an sekirite pou ou, w ap jwenn libète pou w eksprime tout doule ak pè ou te kenbe anndan w, epi pou w libere tèt ou de wont ak akizasyon ki soti nan pase a. W ap vin yon granmoun ki pa prizonye reyaksyon anfans li ankò. W ap refè timoun ki anndan w la, w ap aprann aksepte ak renmen tèt ou.

Gerizon an kòmanse lè nou pran risk pou n soti nan izolasyon. Santiman ak souvni antere pral retounen. Lè nou lage fado doule ki pa eksprime a piti pa piti, nou tou dousman soti nan pase a. Nou aprann re-paran tèt nou avèk dousè, imè, lanmou ak respè. Pwosesis sa a pèmèt nou wè paran byolojik nou yo kòm zouti ki te pèmèt nou egziste. Vrè paran nou an se Sila ki pi wo pase Nou, ke kèk nan nou chwazi rele Bondye. Malgre nou te gen paran alkolik oswa disfonksyonèl, Sila ki pi wo pase nou an te ba nou Douz Etap gerizon yo.

Sa a se aksyon ak travay ki geri nou: nou itilize Etap yo; nou itilize reyinyon yo; nou itilize telefòn nan. Nou pataje eksperyans nou, fòs nou, ak espwa nou youn ak lòt. Nou aprann restriktire panse malad nou yo, yon jou alafwa. Lè nou libere paran nou anba responsablite pou aksyon nou jodi a, nou vin lib pou n pran desizyon ki sen kòm aktè, pa reyaktè. Nou pase soti nan fè mal, pou geri, pou ede. Nou reveye nan yon sans konplè nou pa t janm konnen ki te posib. Lè w ale nan reyinyon sa yo regilyèman, w ap vin wè alkòl paran oswa disfonksyonman fanmi an pou sa li ye: yon maladi ki te enfekte w lè w te timoun epi ki kontinye afekte w kòm granmoun.

W ap aprann kenbe konsantre sou tèt ou isit la ak kounye a. Ou pral pran responsablite pou pwòp lavi ou epi ou pral bay tèt ou sa ou pa t resevwa kòm paran. Ou p ap fè sa pou kont ou. Gade bò kote w, w ap wè lòt moun ki konnen sa w santi. N ap renmen w epi ankouraje w kèlkeswa sa ki rive. Nou mande w pou w aksepte nou menm jan nou aksepte w. Sa a se yon pwogram esprityèl ki baze sou aksyon ki soti nan lanmou. Nou sèten ke pandan lanmou ap grandi anndan w, w ap wè bèl chanjman nan tout relasyon w, sitou avèk Bondye, tèt ou, ak paran w.